



Ou Bezwen yon asirans sante pou 2021?

Kijan pou aplike epi enskri pandan nouvo Peryòd Enskripsyon Espesyal la

Genyen yon Nouvo Peryòd Enskripsyon ki pèmèt ou enskri oswa chanje asirans sante jiska **15 Dawout 2021**, pou rezon maladi kowonaviris 2019 la (COVID-19). Peryòd Enskripsyon Espesyal sa disponib pou moun ki abite nan 36 eta ki itilize [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov). (Si eta ou ap viv la jere pwòp mache asirans pa li, ale sou sitwèb yo a. Pifò eta yo ofri opsyon ki sanble pou enskri.)

Aprè ou finn ranpli epi soumèt aplikasyon ou an nan [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov), ou genyen 30 jou pou enskri nan yon plan. Kouvèti asirans ou a kòmanse depi premye jou nan mwa apre ou finn enskri a. Tankou, si ou enskri nenpòt ki jou nan mwa Mas la, kouvèti asirans ou a ap kòmanse 1ye Avril.

4 bagay ou dwe konnen apwopo nou Peryòd Enskripsyon Espesyal sa a

- **Ou dwe kalifye pou ekonomize lajan — anpil moun fè li!** An reyalyite, 9 moun sou 10 ki enskri yo kalifye pou ekonomize. Milyon lòt moun kapab jwenn plan prim yo pi ba gras ak lwa sekou COVID la. An reyalyite, 4 moun sou 5 kapab jwenn yon plan pou \$10 oswa pi piti apre ou ou finn fè ekonomi. Aprann plis apwopo nouvo, pi ba pri nan [HealthCare.gov/more-savings](https://www.healthcare.gov/more-savings).
- **Pa gen evènman pou lavi? Pa gen pwoblèm.** Peryòd Enskripsyon Espesyal sa a pa mande pou genyen yon evènman lavi ki kalifye, tankou dat nesans yon timoun, demenaje, oswa maryaj pou enskri nan yon plan nan Mache Asirans la. COVID-19 te vini ak nouvo defi pou anpil moun, kidonk Peryòd Enskripsyon Espesyal sa a ofri aksè egal pou kouvèti asirans pou moun ki nan eta yo ki itilize [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov).

- **Èd pou jwenn yon kouvèti asirans disponib.** Ou kapab jwenn èd pou ranpli aplikasyon ou nan telefòn, avèk yon ajan, oswa avèk yon koutye ou fè konfyans.
- **Ou genyen deja yon plan sou Mache asirans la?** Ou kapab benefisye plis ekonomi, epi ou kapab deside pou chanje plan yo. Avan ou fè yon chanjman, ou pral bezwen pou konsidere bagay sa yo tankou konbyen ou te deja peye sou dediksyon ou a (Ou kapab pral bezwen pou rekòmanse si ou chanje plan yo).

Ki kote pou jwenn plis enfòmasyon apwopo Peryòd Enskripsyon Espesyal sa a

- Vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) pou aprann plis epi kòmanse yon aplikasyon oswa mete ajou yon aplikasyon ou te kòmanse deja.
- Rele Sant Apèl pou Mache Asirans Sante a nan 1-800-318-2596. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325. Èd yo disponib nan plizyè lang

Sonje, ou genyen jiska 15 Dawout 2021 pou pran avantaj opòtinite sa a pou enskri nan yon kouvèti asirans sante pou 2021 a.

Ou gen dwa pou ou resevwa enfòmasyon sou Mache Asirans la nan yon fòm ki aksesib, tankou an gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Ou genyen dwa ou tou pou soumèt yon plent si ou santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html](https://www.cms.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice.html), oswa rele nan Sant Apèl Mache Asirans la nan 1-800-318-2596 pou plis enfòmasyon. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

